

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Kasang tukang dina ieu panalungtikan nyaéta nilik kana kaunggulan manusa anu geus paripurna sacara lengkep pangalaman lahir jeung batin sarta ajén-ején anu nyangkaruk dina karya sastra anu kudu dipikawanoh ku masarakat. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun: (1) struktur carita dina roman *Rangga Maléla* jeung (2) Étnopédagogi kasundaan dina roman *Rangga Maléla*. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analitik anu ngagunakeun studi pustaka. Sumber data anu digunakeun nyaéta buku roman *Rangga Maléla* jeung sumber-sumber lianna anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta: (1) struktur carita ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek/latar) jeung sarana sastra (judul jeung puseur sawangan). Tiori anu digunakeun nyaéta tiori struktur carita Robert Stanton, kitu deui tiori étnopedagogi anu digunakeun nyaéta tiori Hidayat Suryalaga.

Struktur dina roman *Rangga Maléla* ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), sarana sastra (judul jeung puseur implengan). Palaku anu ngagambarkeun étnopédagogi ngawungku dina watek sawatara palaku.

**Téma** dina ieu roman nyaéta *politik*, nyaritakeun adu domba pikeun meunangkeun naon anu dipikahayang. Anu ahirna aya perebutan tahta karajaan di nagara Kutamaya. **Galur** anu digunakeun ku pangarang nyaéta galur campuran atawa bulak-balik. Pangarang ngagambarkeun kajadian anu nyawang katukang atawa ngimpleng tuluy balik deui kana kajadian mimiti. Anapon **palaku** anu kapaluruh jumlahna aya 31 palaku. **Latar** anu kapaluruh dina ieu roman nyaéta latar tempat, latar waktu jeung latar sosial. Latar tempat anu kapanggih jumlahna aya 47 latar, latar waktu anu jumlahna aya 53 latar sarta latar sosial anu jumlahna 15 kagambar dina kasang tukang unggal palakuna nyaéta masarakat kelas handap,

Azi Sastrawan, 2021

**ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)**

*Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu*

masarakat kelas luhur, ékonomi jeung sosial-budaya. Judul dina ieu roman saluyujeung eusi caritana sarta méré harti anu sabenerna nyaéta nyaritakeun perjuangan Rangga Maléla. Anapon puseur sawangan dina ieu roman, pangarang ngagunakeun puseur sawangan jalma katilu teu kawatesan.

## 5.2 Implikasi

Implikasi ieu panalungtikan anu medar hasil analisis struktur jeung étnopédagogi anu museur kana roman pondok *Rangga Maléla*, nyaéta dipiharep bisa ngaronjatkeun panalungtikan sastra, hususna dina étnopédagogi kasundaan. Tétéla masih kénéh loba hal anu kudu diguar dina panalungtikan ngabahas étnopédagogi kasundaan dina karya sastra sacara gembleng. Ku kituna, pikeun mahasiswa ieu panalungtikan téh dipiharep bisa dijadikeun référénsi panalungtikan sastra hususna étnopédagogi kasundaan dina karya sastra.

## 5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi anu ditepikeun panyusun, pikeun kajembaran panalungtikan sastra nyaéta

- 1) Perlu ayana panalungtikan sastra, ku kituna panalungtik dipiharep leuwih nyuksruk jero kana panalungtikan sastra hususna ngeunaan étnopédagogi kasundaan.
- 2) Ambahan tiori étnopédagogi anu kawilang jembar, ku kituna panalungtik sastra bisa leuwih ngaéksplor deui tiori étnopédagogi hususna dina karya sastra.
- 3) Perlu ayana panalungtikan kaharepna, lantaran ieu panalungtikan mangrupa bagian leutik tina ambahan panalungtikan sastra anu jembar. Ku kituna pikeun panalungtik sastra satuluyna dipiharep bisa ngagunakeun tiori séjén pikeun ngajembarkeun ulikan ngeunaan sastra.
- 4) Dipiharep masarakat umum bisa gawé bareng dina ngaronjatkeun budaya literasi.

Azi Sastrawan, 2021

**ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)**

*Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu*

Azi Sastrawan, 2021

**ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)**

*Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)*